**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—15.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ जनजातीय गौरव दिवस पर जमुई मे छओ हजार छओ सय करोड़ टाका सँ बेसीक कतेको विकास परियोजनाक लोकार्पण आ शिलान्यास कयलनि। ओ धरती आबा भगवान बिरसा मुंडाक एक सय पचासम जयंती वर्ष समारोहक शुभारम्भ सेहो कयलनि। एहि परियोजनाक उद्देश्य जनजातीय समुदायक उत्थान आ ग्रामीण तथा दूर—देहातक बुनियादी ढ़ांचा मे सुधार करबाक अछि। श्री मोदी भगवान बिरसा मुंडाक जीवन आ समृद्ध आदिवासी विरासत तथा संस्कृति पर आधारित एक प्रदर्शनीक उद्घाटन सेहो कयलनि। ओ दू जनजातीय स्वतंत्रता सेनानीक संग्रहालय आ दू जनजातीय अनुसंधान संस्थानक उद्घाटन कयलनि। एकर उद्देश्य जनजातीय समुदायक समृद्ध इतिहास आ विरासत के संरक्षित करब अछि। प्रधानमंत्री जमुई सँ वर्चुअल माध्यमे पीएम जनमन अभियानक अंतर्गत बनाओल गेल, एगारह हजार घरक गृह प्रवेश मे सेहो सम्मिलित भेलाह। प्रधानमंत्री जनजातीय समाज लेल एहि प्रकारक कार्यक्रम के तैयार करबाक लेल राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मूक विचारक प्रति कृतज्ञता प्रकट कयलनि। ओ कहलनि जे हम जनजातीय के शिक्षा, उपचार आ रोजगार पर ध्यान केन्द्रित कऽ रहल छी। समारोह के सम्बोधित करैत मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे भगवान बिरसा मुंडाक योगदान के कहियो बिसरल नहि जा सकैत अछि। ओ बिरसा मुंडाक विरासत के समृद्ध करबाक लेल प्रधानमंत्री के धन्यवाद देलनि। समारोह मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर, केन्द्रीय जनजातीय कार्य मंत्री जुएल ओराम, केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान, जीतनराम मांझी, गिरिराज सिंह, दुर्गा दास उइके, पूर्व लोकसभा अध्यक्ष करिया मुंडा, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

---

आइ भगवान बिरसा मुंडाक जयंती पर राजधानी पटना मे सचिवालय लऽग बिरसा मुंडाक प्रतिमा पर जिलाधिकारी डॉक्टर चन्द्रशेखर सिंह समेत कतेको गणमान्य लोक हुनका माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————

सिख धर्मक संस्थापक गुरु गुरुनानक देवजी महाराजक पाँच सय पचपनम् प्रकाशोत्सव आइ पूरा श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर पटनासिटी स्थित तख्त श्री हरिमंदिर साहिब मे एक विशेष दीवान सजाओल गेल अछि, जतऽ लोक अरदास अर्पित कऽ रहल छथि। मध्य रात्रि मे गुरुनानक देवजीक प्रकाश पर्व मनाओल जायत। एहि अवसर पर मिथिलांचल सहित आनो–आन जिला सँ गुरूद्वारा सभ के सजाओल जयबाक आ प्रकाश पर्व मनेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि अवसर पर लोकसभ के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————

आइ कार्तिक पूर्णिमा अछि। एहि अवसर पर श्रद्धालु लोकनि पवित्र गंगा समेत कोसी, गंडक, बागमती आ आनो आन नदी तथा सरोवर मे डुबकी लगौलनि आ दान–पुण्य कयलनि। बेगूसराय जिलाक सिमरियाक गंगा तट, सारण जिलाक गंगा–गंडक नदीक संगम कोन्हारा घाट पर लाखक संख्या मे श्रद्धालु लोकनि पवित्र स्नान कयलनि। एहि संग सिमरिया मे चलि रहल कल्पवास मेलाक समापन सेहो भऽ गेल।

———————————————————

भाई–बहिनक प्रेमक प्रतीक मिथिलाक प्रसिद्ध लोक पर्व सामा चकेबाक आइ समापन भऽ रहल अछि। ललना लोकनि आइ सामा चकेबा खेलिकऽ आ चुगला के जराकऽ सामा चकेबा के विभिन्न धार–पोखरि अथवा जोतल खेत मे विसर्जित कऽ रहल छथि।

———————————————————

पछिला तीन दिन सँ मनाओल जा रहल विद्यापति स्मृति पर्व आ मिथिला विभूति पर्वक आइ समापन भऽ रहल अछि। दरभंगा मे आयोजित मिथिला विभूति पर्व समारोह मे आइ दिन मे मिथिला पेंटिंग प्रतियोगिता आ प्रदर्शनीक उद्घाटन पद्मश्री सँ सम्मानित दुलारी देवी आ सिवन पासवान कयलनि। जखनकि एखन रंगारंग सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कयल जायत। पटना मे चेतना समिति द्वारा आयोजित विद्यापति स्मृति पर्व समारोह मे आइ दिन मे आनन्द मेला आ बाल मेलाक आयोजन भेल। चेतना समितिक अध्यक्ष निशामदन झा जनौलनि जे समिति मिथिलाक विकास लेल काज करैत रहत। एहि क्रम मे एखन मातृऋण नाटकक आयोजन कयल जायत। बेनीपट्टी मे मिथिलांचल सर्वांगीण विकास संस्थान दिस सँ आयोजित त्रिदिवसीय मिथिला विभूति स्मृतिपर्व समारोह मे डॉक्टर नरेश कुमार विकल समेत तीन विद्वान के मिथिला शिखर सम्मान सँ सम्मानित कयल गेलनि। ओम्हर, सुपौल मे अंतर्राष्ट्रीय मैथिली परिषदक दिस सँ प्रोफेसर रवीन्द्र कुमार चौधरीक नेतृत्व मे एक दिवसीय विद्यापति जयंतीक आयोजन कयल गेल।

---

मधुबनी जिलाक झंझारपुर स्थित शांतिनाथ महादेव मंदिर लऽग किछु अपराधी झंझारपुर जहलक एक कर्मचारी के गोली मारिकऽ हत्या कऽ देलक।

---

समाप्त